



**EA Family Shelter se yon solisyon tanporè pou ede fanmi yo ki bezwen yon kote pou yo rete.**

Daprr risk ak bezwen fanmi w lan, gen **de dispozisyon diferan** ki la pou ede w jwenn yon kote pou w rete fiks.

Si w kalifye, pwogram EA a pral wè ki dispozisyon k ap koresponn ak bezwen ou yo.

**DISPOZISYON 1**

**Dispozisyon Rapid  
pou yon Abri**

“Rapid Shelter Track”

**30 jou ouvrab**



*ou*

**DISPOZISYON 2**

**Dispozisyon  
Koneksyon ak abri**

“Bridge Shelter Track”

**9 Mwa**



Dispozisyon rapid pou yon abri a fèt pou fanmi ki kapab jwenn yon kote fiks byen rapid pou yo rete ak yon gwo sipò.

Dispozisyon ak abri a fèt pou fanmi ki gen bezwen ki pi difisil yo epi ki ka bezwen lòt kalite sipò avan yo jwenn yon kote fiks pou yo rete.



Ou pral rete nan yon **Sant Relèv Tanporè (TRC)**  
« Temporary Respite Center »



Ou pral rete **an gwoup nan abri, apatman, otèl oswa lòt etablisman.**

**Resous ki disponib pou tou de dispozisyon yo (Plis detay nan do)**



Rebay tikè yo  
(Re-ticketing)



HomeBASE



Sèvis Sipò

**Eskane pou aprann plis sou Dispozisyon ak Resous EA Family Shelter**



Oubyen vizite  
[mass.gov/whatisEAshelter](https://mass.gov/whatisEAshelter)

# Resous pou Fanmi yo pou tou de dispozisyon yo



## Rebay tikè yo

Nou ka ede w retounen nan yon kote ki an sekirite pou w rete

### Kisa ki re-ticketing ye?

Si fanmi w gen posibilité rete kote yon zanmi oubyen yon fanmi nan lòt Eta, re-tiketing lan ap pèmèt kouvri tout depans pou vwayaj tankou tikè avyon, tikè pou bis oubyen lòt depans pou vwayaj ki gen rapò ak Eta sa a.

### Kouman mwen ka jwenn aksè ak re-ticketing?

Si ou nan youn nan Sant Relèv Tanporè Eta a kounye a, ou ka mande yon anplwaye ki la pou ede w. Ou ka pale tou ak moun ki reponsab dosye w la.

### Aprann plis sou HomeBASE sou entènèt



## HomeBASE

Ede fanmi yo peye pou lwavey oswa yon chanm nan yon kay nan Massachusetts

### Resous pou ede peye pou lojman:

**HomeBASE:** Fanmi ki kalifye pou EA Shelter kalifye pou pwogram HomeBASE la. HomeBASE ka ede peye yon pati nan lwavey ou a ak kèk lòt depans, jiska \$45,000 sou twazan. Si w kalifye, ou ka chèche lojman (**sa ki ka pran plizyè semèn**) epi answit sèvi ak HomeBASE pou w deplase san w pa bezwen ale nan abri anvan.

Aprann plis sou HomeBASE sou entènèt nan  
[mass.gov/homebase](http://mass.gov/homebase) oswa  
avèk kòd QR sa a:



### Pou kisa HomeBASE ka peye?

- Premye ak dènye mwa lwavey, depo sekirite, ak frè koutye pou yon nouvo apatman
- Pèman chak mwa pou ede ak lwavey pou twazan nan pwòp apatman w oswa yon espas pataje
- Mèb, depans pou demenajman, ak sèvis publik, dapre bezwen fanmi yo
- Ed pou demenaje yon lòt kote



## Sèvis Sipò

Lòt sipò ki disponib pou fanmi yo

### Nan EA Rapid Shelter ak Bridge Shelter, ou ka atann ak èd pou:

- Asire yon kote pèmanan fiks
- Enskri nan pwogram benefis Eta ad tankou èd manje
- Jwenn kote pou travay ak jwenn otorizasyon travay
- Enskri nan klas Anglè epi devlope ladrès ki nesesè yo

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Entènèt nan mass.gov/emergency-housing-assistance oswa avèk kòd QR sa a:



### Ou ka jwenn lòt resous lè w ale sou Mass.gov epi chèche tèm sa yo:

- HomeBASE
- Housing Navigator (jwenn lojman abòdab)
- Paj Odyans (apèl desizyon EOHLA pran)
- RAFT (èd ijans pou depans lojman)
- Rebay tikè yo
- Mass 211 (gadri, manje, transpò, asistans sèvis publik: mass211.org)
- Sant Resous pou Fanmi (sipòtè fanmi yo pou jwenn aksè nan bezwen ak resous debaz yo: frcma.org)

Ou ka ale nan findhelp.org tou pou jwenn lòt resous (Manje, Lojman, Transpò)